दिन—शुक्रवार दिनांक—19.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केंद्रीय रेल, सूचना आ प्रसारण आओर इलेक्ट्रॉनिक्स सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव पटनाक सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्क ऑफ इंडिया सँ जुड़ल काजक समीक्षा कयलनि। एहि मौक पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो छलाह। श्री वैष्णव जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अगुआई मे डिजिटल इंडिया, नवाचार, तकनीक आओर उद्यमिताक माध्यम सँ नव भारतक मजगूत नींव राखल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे आईटी आओर स्टार्टअप इकोसिस्टम के सशक्त बना कऽ बिहार विकसित राज्य होयबाक लेल तेज गति सँ आगू बढ़ि रहल अछि।

---

एम्हर, केन्द्रीय रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आओर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी संयुक्त रूप सँ आइ छपरा सँ आनंद विहार लेल नव सप्ताहिक ट्रेन के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। संगहि ओ सभ जिलाक मढ़ौराक लोकोमोटिव प्लांट मे बनल एकावनम रेल इंजन के सेहो हरियर झंडा देखा कऽ अफ्रीकी देश गिनी लेल रवाना कयलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे बिहार मे स्टार्टअप आओर उद्योग के बढ़ावा देबाक लेल शीघ्रहि "बिहार टेक पोर्टल" बनाओल जायत। ओ जनौलनि जे राज्य के अगिला पाँच बरख मे उद्योगक प्रमुख केंद्रक रूप मे विकसित कयल जायत आओर युवा सभ के स्टार्टअपक माध्यम सँ रोजगार बढेबाक लेल सहायता देल जायत। पटनाक राजीवनगरक सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्क ऑफ इंडिया मे आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत मुख्यमंत्री ई गप जनौलनि। ओ जनौलनि जे राज्य सरकार उद्योग स्थापना मे होयबला बाधा के तेज गति सँ दूर कऽ रहल अछि आओर निवेश लेल बढ़िया माहौल बनाओल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे सहयोग पोर्टल आ सहयोग शिविरक माध्यम सँ लोक सभक समस्याक समाधान

लेल निक व्यवस्था कयल गेल अछि। एहि मौक पर केंद्रीय रेल, सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव सेहो छलाह।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे नगर विकास आ आवास विभागक एक सय सत्तावन योजनाक वीडियो कॉन्फ्रेंस द्वारा उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। पटना स्मार्ट सिटीक नओ प्रोजेक्ट्स के एहि मे लेल गेल अछि। पटनाक मीठापुर मे छब्बीस हजार वर्गफुट क्षेत्र मे बनल कॉमन सर्विस सेंटरक उद्घाटन कयल गेल। संगहि पटना मे गिग वर्कर्स लेल दू एसी लाउंजक सेहो उद्घाटन भेल अछि। मुख्यमंत्री दीघा सँ सभ्यता द्वार धरि विकसित रिवर फ्रंट परियोजनाक सेहो उद्घाटन कयलनि। एतय जिग–जैग पार्क बनाओल गेल अछि। नगर विकास विभागक ई परियोजना सभ पटना शहर के आधुनिक स्वरूप देबाक लेल पैघ डेग मानल जा रहल अछि। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आओर बिजेन्द्र प्रसाद यादव आ नगर विकास आओर आवास विभागक मंत्री नीतीश मिश्रा सेहो छलाह।

———————————————————————————

राज्य सरकार एक दशक बाद ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे न्यूनतम मूल्यांकन पंजी–एमवीआर यानी सर्किल रेट बढ़ा देलक अछि। निबंधन विभाग द्वारा जारी अधिसूचनाक अनुसार ग्रामीण क्षेत्र मे ई दर औसत एक दशमलव छओ गुना, जखन कि शहरी क्षेत्र मे दुगुना कऽ देल गेल अछि। सर्किल रेट बढ़ला सँ जमीनक रजिस्ट्री आओर स्टांप शुल्क सेहो महग भऽ जायत। नव व्यवस्था सँ आब हरेक बरख एमवीआर पाँच प्रतिशत बढ़ि जायत आ हरेक तीन साल पर एकर समीक्षा कयल जायत। विभागीय मंत्री मदन सहनी जनौलनि जे सर्किल रेट बढ़ला सँ भूमि अधिग्रहणक मामिला मे किसान के बेसी मुआवजा भेटत। ओ जनौलनि जे महिला सभक नाम, संपत्ति रजिस्ट्री पर भेटयबला छूट के बढा़ कऽ शून्य दशमलव पाँच प्रतिशत कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल पटना मे भ्रष्टाचार, घूसखोरी आ प्रशासनिक लापरबाहीक आरोप मे दस अधिकारी सभ पर दंडात्मक आ विभागीय कार्रवाई लेल स्वीकृति देलनि अछि। श्री जायसवाल जनौलनि अछि जे विभाग मे भ्रष्टाचारक प्रति जीरो

टॉलरेंसक नीति मे ई कार्रवाई जारी रहत। पटना सिटीक भूमि सुधार उप समाहर्ता अभिलाषा सिन्हा पर दाखिल–खारिज अपील वादक निष्पादनक बदला मे पंद्रह लाख टाका घूस लेबाक आरोप मे आरोप–पत्र गठित कऽ निलंबनक अनुशंसा कयल गेल अछि। ओतहि हाजीपुरक ओहिके लऽकऽ अंचलाधिकारी मुकुल कुमार झा, किशनगंज सदरक अंचलाधिकारी राहुल कुमार आओर पश्चिम चंपारणक बगहा–एकक अंचलाधिकारी नर्मदा श्रीवास्तव सहित कतेको अधिकारी सभ पर विरुद्ध सेहो विभागीय कार्रवाई शुरू कायल गेल अछि।

———————————————————————————————

प्रदेश मे अगिला चारि सँ पाँच दिनक बिच मानसूनक प्रसारक निक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच राज्यक उत्तर–पूरबी आओर दक्षिण–पूरबी जिला मे किछु ठाम तेज हवाक सँग बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिणी भाग के कतेको ठाम उष्ण लहरि चलबाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल